

Ou Bezwen Asirans Maladi nan Massachusetts? Kite nou ede ou.

Rele 617-665-1100 pou pale avèk yon manm ekip nou an (MassHealth Application Counselor).

- N ap ede ou fè demann nan
- Ouvè lendi pou vandredi ant 8:30 am ak 5:00 pm
- Nou pale anpil lang!

Kisa Ou Bezwen pou Jwenn Asirans Maladi nan Massachusetts?

- Prèv ou rete nan Massachusetts a plentan
- Dokiman ki montre kantite lajan ou fè (revni fanmi ou)
- Yon pyès idantite ki gen foto ou, si ou gen youn

Kisa M Ap Jwenn ak Asirans Maladi an?

Asirans la gen dwa peye pou tout oswa yon pati nan depans yo pou:

- Vizit kay Doktè
- Vizit nan Sal Dijans
- Medikaman sou Òdonans
- Sèvis nan Lopital
- Swen Mantal
- Tretman Alkolis ak Toksikomani

DOKIMAN OU BEZWEN YO POU FÈ DEMANN ASIRANS MALADI:

I. Prèw Idantite/Rezidans – Omwen youn nan sa yo:

- Pyès idantite oswa lisans chofè MA
- Pyès idantite minisipal
- Bòdwo sèvis piblik ki sou non ou (li dwe gen mwens pase 60 jou)
- **Kontra lokasyon** lakay ou a sou non ou
- Bòdwo avèk adrès ou ak yon afidavi ki konfime sityasyon w lan

II. Prèw revni

A. Revni Ou Pa fè nan Travay – Youn nan bagay sa yo ki montre revni anvan taks pou chak djòb oswa sous revni:

- 2 dènye souch chèk peman chomaj ou yo oswa lèt apwobasyon
- Deklarasyon konpayi y ap bay peman oswa avantaj la
- Dènye Fòmilè 1040 ou a (taks sou revni) avèk tout dokiman ki konpaye li yo

B. Revni Ou Fè nan Travay – Ou dwe montre revni anvan taks ou ak kantite èdtan ou te travay pa peryòd peman:

- 2 dènye souch chèk peman w yo
- Dènye deklarasyon taks ou, si w ap travay pou tèt ou oswa revni lwaye pwopriyete ki se pou ou
- Lèt patwon ou, si yo peye w kach

III. Eitati Imigrasyon*

| Yon Bagay nan Kolòn A | OSWA yon bagay nan Kolòn B ak yon bagay nan Kolòn C | |
|---|--|---|
| <ol style="list-style-type: none">1. Paspò ameriken, oswa2. Sètifika Natiralizasyon (fòmilè DHS N-550 oswa N-570 yo), oswa3. Sètifika Sitwayènte Ameriken (fòmilè DHS N-560 oswa N-561 yo) | <ol style="list-style-type: none">1. Kat rezidans pèmanan oswa kat TPS, si ou gen youn.2. Batistè ameriken3. Rapò sou nesans aletranje yon sitwayen ameriken (fòmilè DS-1350, FS-240 oswa FS-545)4. Kat idantite sitwayen ameriken (fòmilè INS I-197 oswa I-179). | <ol style="list-style-type: none">1. Lisans chofè oswa kat idantite Mass. ajou2. Kat idantite etidyan ki gen foto3. Kat militè ameriken, dosye anwole, oswa kat Maren Machan4. Kat idantite gouvènman federal, eta, lokal oswa tribal ki gen foto5. Kat idantite depandan militè |

* Si ou pa gen prèw sityasyon imigrasyon ou, ou ka anmezi pou jwenn kouvèti asirans sante nan yon lòt nivo. Nou ka ede w konprann pou ki pwoteksyon ou ta ka elijib nan Massachusetts.